

Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Shiko këtë dokument në shqip | عرض هذه الوثيقة باللغة العربية | এই নথিটি বাংলা ভাষায় দেখুন
 查看本文件的简体中文版本 | 查看本文件的繁體字中文版本 | Consultez ce document en français | Gade dokiman sa a an Kreyòl ayisyen
 이 문서를 한국어로 보십시오 | Документ на русском языке | Consulte este documento en español
 Переглянути цей документ українською мовою | اس دستاویز کو اردو میں ملاحظہ کریں | Ushbu hujjatni ichida ko'ring O'zbek

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Me 2026

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon sou kalandriye ane lekòl 2026-2027 la, òf pwogram Summer Rising, mizajou sou admisyon, semèn apresyasyon pwofesè, jounen Aksyon pou pwoteksyon klima ak konferans pwofesè-paran.

Kontni

- [Kalandriye ane lekòl 2026-2027](#)
- [Òf pwogram Summer Rising](#)
- [Dat enpòtan pou admisyon](#)
- [Semèn apresyasyon pwofesè](#)
- [Jounen aksyon pou pwoteje klima](#)
- [Konferans pwofesè-paran](#)

Kalandriye 2026-2027 Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS)

Ane lekòl 2026-2027 la rive! Premye jou ane lekòl pwochen se **jedi 10 septanm**! Gade dat enpòtan ak telechaje dokiman ki ka enprime nan schools.nyc.gov/Calendar. Tanpri sonje tou:

Nan jou bilding lekòl yo fèmen poutèt move tan oswa lòt ijans, NYCPS gendwa ap fonksyone adistans. Jan sa konn abitye fèt, lè jou konje NYCPS tonbe nan wikenn, lekòl yo p ap fèmen nan yon jou lasemèn.

Nan ane lekòl 2026-2027 la jou konje sa yo ap tonbe nan wikenn epi yo p ap konsidere yo tankou jou konje pou lekòl:

- Rosh Hashanah (samdi-dimanch, 12-13 septanm 2026)
- Diwali (dimanch 8 novanm 2026)
- Lunar New Year (dimanch 7 fevriye 2027)

Ou gen kesyon sou jan yo fè kalandriye a? Jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/CalendarExplainer!

Òf pwogram Summer Rising

Si w te aplike pou pwogram Summer Rising lan epi ou resevwa yon òf, ou dwe aksepte òf la nan delè **madi 5 me** pou garanti plas pitit ou a! Fanmi pa enskri otomatikman. Konekte nan MySchools.nyc pou aksepte oswa refize òf pitit ou a.

Dat enpòtan pou admisyon

Aplikasyon pou pwogram elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented, G&T) pou klas 1ye-4yèm ane ap fèmen 8 me

Voye aplikasyon G&T ou a pou klas 1ye-4yèm ane pou otòn 2026 la ale nan delè vandredi 8 me. Pwogram G&T ofri enstriksyon akselere pou elèv ki elijib nan klas 1ye-4yèm ane. Fanmi elèv ki elijib pral resevwa yon imèl ak/oswa yon lèt pa lapòs k ap envite yo aplike pou G&T. Pou jwenn enfòmasyon sou kondisyon elijiblite ak admisyon G&T, ale sou schools.nyc.gov/GT.

Rezilta 3-K ak Pre-K

Si w te aplike pou 3-K oswa Pre-K pou otòn 2026 nan delè 28 fevriye a, ou pral resevwa rezilta pitit ou a **madi 12 me** pou (Pre-K) oswa **madi 19 me** pou (3-K). konekte sou kont MySchools.nyc ou a pou aksepte yon òf epi gade nenpòt lisdatant pitit ou a ka ladan l. Jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf nan schools.nyc.gov/3K ak schools.nyc.gov/PreK.

Semèn apresyasyon pwofesè

Montre apresyasyon w pou pwofesè pitit ou yo pandan semèn **4-8 me 2026 lan!** Pwofesè ede timoun nou yo santi yo ansekirite, ba yo sipò, ak enspire yo pou yo atenn tout potansyèl yo andedan ak andeyò salklas la.

Soti 4-8 me pran yon ti tan pou remèsye pwofesè ki fè yon diferans nan lavi pitit ou a. Konekte kòm yon moun ki pa gen yon kont (guest) nan doeallstars.schools.nyc epi mete non yon pwofesè NYCPS ou renmen anpil pou voye yon mesaj ankourajman pou li. Li fasil pou fè yon pwofesè pase yon bon jounen! Nou ankouraje tou elèv ak fanmi pou yo selebre pwofesè nan Vil nou an sou rezo sosyal yo lè yo itilize hashtag #ThankATeacherNYC.

Jounen aksyon pou pwoteje klima

Dènye jounen aksyon NYCPS pou pwoteje klima pou ane lekòl 2025-2026 lan ap **mèkredi 20 me!** Nan chak jounen aksyon pou pwoteje klima, kominote lekòl leta Vil Nouyòk yo angaje yo nan aktivite ki mete aksan sou edikasyon sou klima ak pratik dirabilite. Tèm pou mwa me a se “Dlo,” ki ankouraje lekòl pou yo fòkis sou ekosistèm dlo, fason pou konsève l, ak fè ajisteman lè gen plis lapli ak gwo tanpèt nan vil nou an. Ale sou schools.nyc.gov/ClimateAction pou jwenn plis enfòmasyon.

Konferans pwofesè-paran

Pare pou dènye seri konferans paran-pwofesè ane sa a! Anjeneral, yo fè konferans pwofesè-paran adistans, men gen kèk lekòl ki ka fè yo anpèsòn. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib—tanpri fè lekòl pitit ou ye a konnen si w bezwen sèvis sa yo oswa mande yon konferans anpèsòn. Tanpri ale sou schools.nyc.gov/PTC pou plis enfòmasyon.

- **Mèkredi 6 me:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
- **Jedi 7 me:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak sant Pre-K
- **Mèkredi 20 me:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, lekòl K-12, ak 6-12

Tanpri pale avèk pwofesè pitit ou a pou konfime dat yo pou lekòl yo ak pwograme konferans ou a.